# AMARI NGOONÉ SOBEL

- Góór gi, nga may ma tuuti boog ci cosaanu Dammel Amari Ngóóné Sobel.

- Waaw Amari Ngóóné Sobel moo jëkk di Dammel ci Kajoor. Amari Ngooné ba nga xamee né jëlé nañu ko Nolnjaayeen, Yàlla dogal mu nekk Kajoor, booba sonn nañu. Kajoor né dinañu xeex ag ñoom. Ñu né nu ngéén di xeexeeg ñoom. Ñu né dinañu fexe xanaa yook. Yook wi nag, bu ñu ko suuléé ren ba déwéén, at mi ñu koy sulli, Dammel Amari Ngóóné àndag ñoom, yenukatu suuf yi nga xam né at mu ne dañu koy yenu ci seen bagaan yóbbu ci ruumi Buurba Jolof, raatale ko fa.

Amari Ngooné né leen Boroom yoob wi maanaam ñii yenu suuf na ñu jiitu. Ba nga xamee né ñii yenu suuf jiitu nañu, mu né léén su ngéén demee, daan ngéén ko yóbbu ci ruum ba ag ëtt ba waaye bu léén ko fa yóbbu, na ngéén ko xëpp ci péñc ma, te né leen : dootu nu ñów, saaga leen. Dinañu nu dàq, bu nu jegee yobb wi, nu fitt leen.

Ba nga xamee né Yàlla def na ba ñi yenu suuf si yegsi nañu ci péñc ma, ñu xëpp suuf sa. Ba ñu xëppéé suuf sa, né dootuñu ñów, dee nañu, sonn nañu.

Ñu né aa ! Buur Njaay waa Kajoor dé xëpp nañu suuf si saaga ñu, né dootuñu ñów. Buur Jolof Njaay né dàq léén leen, bu ñu dawee, su ëllëgéé koon dootuñu ko waxati. Ñu dàq leen. Nakka ñu jaxasoo ci biir yobb wi. Ñu fitt leen. Fitt ya dal. Ba fitt ya dalee, ñuy daanu di xalangu. Fitt yiy dal, ñuy daanu di xalangu. Fitt yiy dal, ñuy daanu di xalangu. Ku fitt dal nga yëkkati say loxo yuuxu. Noonu, ñu dàq waa Nolnjaayeen. Ba nga xamee né waa Nolnjaayeen dow nañu, ñu né leen dootuléén nu gis nu sëfsi, te bu ngéén ñówéé nu rey léén.

Ba nga xamee né ñoom ci seen jëmmi bopp dellusi nañu Kajoor ba toog, ñu né pexe mii ku ko fexe ? Ñu né Amari Ngóóné Sobel. Ñu daldi dajale waa Kajoor gépp né Amari mi nga xam né moo ñu tàqaleeg yenu suuf di ko sippi néégu Buurba-Jolof ci Ñolnjaayeen, na nu ko def njiit ndax bu ëllëgéé su nu giséé lu nu jaaxal, dinanu ci mën génn.

Ñu daldi dajale Kajoor gépp, né Amari mii te nga xam né moo nu tàggaleeg fitna, nanu ko def njiit ci sunu kanam. Boon bu ëllëgéé bu nu giséé lu nu jaaxal te Yàlla dogal moom ci boppam mu mën nu cee jëlé, dina nu ci jëlé. Kon nag, ñu né Amari Ngóóné yaay njiit.

Ñu dajale ñépp. Ñu né Amari Ngóóné doy na leen. Noonu lañu ko fale Dammel. Waaye nag lu tax ñu né Dammel ? Moo di Amari Ngóóné moo fiy njiit, te su ëllëgéé képp ku fi def lu dul yoon, Amari Ngóóné dina la damm, ndaxte moo fiy damme. Dina la damm nig matt. Looloo tax ñu joxe turu dammel. Dammel mooy damm.

- Jëréjëf góór gi. Li nga nu jota wax leer na, waaye buur ba mu fekkiwóón Jolof, Buur boobu na mu tudd ?

- Waay Buur ba waay, man damaa fàtte tur wi.

- Waaw; Njaay la sànt dé !

- Waaw Njaay la Sànt. Xam nga Alburi moo doon seen baay. Alburi Biram Pendaag Alburi Ñjééméég Alburi Saynabu. Ñooñu Buurba Jolof moo doon seen baay. Waaye bi nga xamee né Amari Ngóóné dellusi na Kajoor ñu wax loolu, né Amari Ngóóné ku fi wax loo waruta wax, moo lay damm nag matt. Ñu daldi ñów sañc Barjalupééy. Amari Ngóóné daldi koy sañc. Barjalupééy a nga ci gannaaw Ngaay, booba mooy dëkkub Dammel. Amari Ngóóné né tay maa ne ci Barjalupééy, te gannaaw def nañu ma Dammel damay sañc ab dëkk. Mu woo benn sëriñ né ko seetal ma ay dëkk yu ma sañc ci Kajoor. Sëriñ né ko jàppal pittaxum maroon. Ñu jàppal ko pittaxum maroon, mu xaatim ko ba mu daj, né ko na nga woo ñett ñoo xam né say nit lañu te ñooñu foo leen joxoñ ñu topp ko, maanaam topp pittax mi, garab bu mu dal peñc la.

Booba Barjalub-pééy mooy dëkk bu mag ba. Bi nga xamee né sëriñ bi bindal na ko pittax ma, mu xëy né gawar gi na ñu takk. Ba nga xamee né gawar gi yépp takk nañu, taxawu pittax ma, sëriñ bi génné pittax ma, jox ko Amari Ngóóné, né ko wëndéél ko ci sa bopp te sànni ko. Gawar gi topp ko, garab gu mu dal na ñu ko rëdd, pénc la.

Amari Ngóóné né gawar gi : Pittax mii na ngéén ko dar, taxawu ko, garab gu mu dal rekk, na ngéén ko rëdd, pénc la. Mu daldi koy wëndéél ci boppam, sànni ko.

Pittax ma naaw, gawar gi topp ko, topp ko ba mu dal ci ngeer, ñu rëdd ko muy Sugéér. Ñu taxawu ko, mu jógé fa di naaw, di naaw ba dal cig bul, ñu rëdd ko muy Mbul. Mu jógé fa di naaw, di naaw ba dal cig ngigis, ñu rëdd ko muy Ngigis.

Mbul, Sugéér, Ngigis, ñetti dëkk yooyu Amari Ngóónéé ko sanc. Pittax ma nag ci taatu Ngigis ga la daanu daldi fay dee.

Ba nga xamee né gawar gi dikk na, ba gawar gi dellusee nag, né ko Dammel Amari pittax ma de dal na ci ngeer, dal ci bul, dal ci Ngigis, mu wax ko sëriñ bi, mu né ko yooyu peñc yépp de ay dëkk lañu.

Mu daldi sañc Sugéér, sañc Ngigis, sañc Mbul, muy dëkku Kajoor yii.

Booba Barjalub pééy nag mooy cosaan wi, mooy cosaanal waa Paaleen, di dëkku Dammel.

Barjalub-pééy ci la waa kajoor jógéwóón xeexi ag waa jolof. Bi ñu delluséé lañu def Amari Ngóóné dammel, mu sañc ñetti dëkki Kajoor yooyu ma léén wax.